Mbootaay ngir yokkute làkku wolofci Réewu lislaam bu Muritani (APROLAWORIM)

Mbootaay dekkal Pulaar ci Réewu Lislaam bu Muritani (ARPRIM)

Mbootaay Muritani ngir làkkak Aada ak cosaanu (AMPLCS)

Xamle

Ci lu jëm ci duggal njàngum làkki réew mi ci <<ENAJM>>.
Lëkkaleb mbootaayi aada ak cosaan ci réew mi, Pulaar, Sooninke ak Wolof (ARPRIM, AMPLCS, APROLAWO) yëg na ci tassukaayu xibaar yi, ndoorte alximis 15 oktoobar 2020, njàngaleb làkki réew mi ca <<ENAJM>> ñu jàgleel ko àttekat yi ak ni saytu caytu réew mi.

Ni ñu nekke ay mbootaay yu mësa taxaw ngir ñu jox gëdd, gu mat sëkk làkki réew mi, ci yoonal leen, jëfandikoo leen ci bepp anami dundu réew mi, tax na nu rafetlu dogal bi jëm ci jàngale lakki Pulaar, Sooninke ak Wolof ca <<ENAJM>> ngir may ñi saytu caytu, ñu mën wax ak askan wi ci làkk wi ñu gëna xam.

Waaye yaakaar nanu ni, beeste bii ëmb na ñakk làyam, ndax li war ñi ci caytu gi ak àttekat yi, moo war jàngalekat ak fajkat bi ak ñepp ñee liggéey ci nguur gi. Koon sunu bëggee copite bii egg ci jëmoom, dañu kay def ci anam wu yaatu, làlu ci soppi tëralinu njàng mi, mu sukkandiku ci jàngale sunuy làkki réew yepp te li kay lal di bëgg – bëgg ci politik, yoonal làkki réew mi, Pulaar , Sooninke, Wolof.

Ci loolu rekk la <<ENAJM>> ak bepp kureelu njang ak tàggat di nekk ndajem bennoo askan wi ak itam jumtu yu mën jox ñi saytu caytu yi, ak kepp kuy liggéey ci nguur gi, xam – xam ci làkk, aada ak cosaan, ak nekkinu askan yu leen di may ñu joge askan wi nga xam ni ci biiram lañuy liggéeye te di leen yore ni mu gënna rafete.

Lëkkaleg mbootaay yi
Nuwaasoot, 17/02/2020